



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 10 desanm 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ \$2.6 MILYON DOLA NY WORKS POU REMOVE PIS PATINAJ GLAS RIVERBANK

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse achèvmman yon pwojè \$2.6 milyon NY Works pou remove pis patinaj glas Riverbank Statre nan Harlem. Sezon patinaj la te kòmanse apremidi a avèk yon sware ki gen ladan konpetans klinik dirije pa manm Rangers New York, match hockey jèn, ak patinaj ansanm avèk jwèt hockey ki mete an egzibisyon ansyen Rangers yo.

“Nouvo pis patinaj Riverbank State Park Eta ki te remove se yon gwo resous pou kominote Harlem, e mwen kontan pou m wè pis la ofisyèlman relouvri pou demare sezon patinaj ivè a,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lè nou investi nan renovasyon sa a, Eta te ede restore katye presye sa a. Mwen remèsye rangers New York yo paske yo te ede nou selebre ouvèti pis patinaj la, e mwen ankouraje tout moun nan zòn lan pou vizite nouvo etablisman an pandan sezon sa a.”

Pis patinaj Riverbank State Park se yon resous ra ke yo renmen anpil nan Harlem, e mwen rekonesan dèske Gouvènè Cuomo ak manm yo nan lejislati Eta te gen klèvwayans pou yo investi nan amelyorasyon ki pral kenbe pis patinaj la rete ouvè ak amelyore kalite patinaj la,” te deklare Rose Harvey, Komisyonè Biwo Park Eta New York, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik. “Mwen remèsye tou Rangers New York yo paske yo te ede jèn yo nan kominote a rete aktif gras sipò ekip la pou pwogram patinaj ak hockey jèn nou yo.”

Finanse pa inisyativ NY Works Gouvènè Cuomo, pa twò lontan de sa yo te konplete dezyèm faz renovasyon 13 mwa nan pis patinaj la. Amelyorasyon an gen ladan:

- Renovasyon sistèm refrijerasyon ki gen 20 ane pou anpeche pann epi asire ke glas kontinye fèt sou pis la;
- Enstale nouvo ranbad ak glas anti-bwouya ozalantou pis la;
- Ranplase sifas beton pis la ki te fann, sa ki pral bay yon sifas patinaj ki pi lis, enkli patinaj a woulèt nan mwa ki cho yo; e
- Enstale nouvo lonbraj solèy nan ekspozisyon pati sid pis la pou pwoteje ak pwolonje kalite sifas glas la.

Pou konplete efò sa yo, Rangers New York yo asiste, Chase Bank te sipòte, sa ki fè pati nan yon lis Rangers kap grandi inisyativ kominotè “Ale monte paten!” ki mete aksan sou hockey kap grandi nan twa-eta, te patisipe nan yon varyete aktivite sou pis ki amelyore a tankou yon klinik “Eseye Hockey gratis” ak yon egzibisyon match hockey ki prezante Rangers New York yo. Chase Bank te bay \$25,000 a pwogram jèn Riverbank State Park Hockey pou ede bati yon nouvo zòn antrènman andeyò glas la, bay ankadreman pòtab pou divize glas la, kreye yon tant kap itilize kòm espas kazye adisyonèl, epi bay plis ekipman hockey pou jèn yo.

Apreprè 400,000 moun itilize pis Riverbank State Park la pa ane pou aprann pwogram monte paten, pwogram patinaj ouvè, fòm patinaj, lig hockey ak patinaj a woulèt. Acheve nan ane 1993, Riverbank State Park se yon etablisman rekreyasyon 28 karo tè plizyè nivo peyizaj ki monte 69 pye piwo pase rivyè Hudson, ki chita anlè yon izin kontwòl polisyon dlo.

Amelyorasyon park la reflete yon revitalizasyon nan sistèm park la. Anba pwogram NY Works, Gouvènè Cuomo te dedye \$90 milyon dola nan bidjè Eta 2014-2015 yon pwojeksyon amelyorasyon kapital State Park yo. Angajman ki vini apre de dènye ane inisyativ New York Works la, sa ki atribye \$179 milyon dola nan nouvo finansman kapital. Ansam avèk adisyon fon ki te ogmante NY Works te sipòte yon total \$421 milyon dola pou avanse 279 pwojè amelyorasyon nan 109 park depi ane 2012, sa ki gen ladan teren atletik anplennè Riverbank, pis jimnazyòm ak sistèm chofaj.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Konsèvasyon Istorik Eta New York ap sipèvizè 180 pak ak 35 espas istorik eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, rele 518-474-0456, oswa ale sou Entènèt nan sitwèb www.nysparks.com, konekte nan [Facebook](https://www.facebook.com/nysparks), oswa swiv nou nan [Twitter](https://twitter.com/nysparks).

Senatè Adriano Espaillat te deklare, “Amelyorasyon sa yo ranfòse yon gwo etablisman kominotè. Patinaj sou glas ke rezidan nò Manhattan yo te renmen pandan de deseni pral vin ankò pi bon.”

Senatè Bill Perkins te deklare, “Mwen konplimante tout moun ki patisipe nan patenarya esansyèl sa a pou renove epi amelyore bèl pis glas ke yo renmen nan Riverbank State Park. Achèvmman reyisi pwojè sa a vini nan tan ki pi apwopriye--avèk sezon fèt fen dane a, tanperati ivè ak vakans lekòl ki pral vini -- bay opòtinite ideyal pou elektè yo pwofite de anpil benefis renovasyon etablisman enpòtan an ak opòtinite enteresan pou aprann osijè hockey nan men manm Rangers New York yo.”

Manm asanble Keith Wright te deklare, “Kòm yon kwayan fèm nan enpòtans prezèvasyon enfrastrikti ak pwogram NY Works, mwen fyè anpil de tout renovasyon ke finansman sa a te rann posib isit la nan Riverbank. Park sa a se baz prensipal pou anpil fanmi Harlem e mwen konnen ke nouvo pis patinaj ki renove a pral yon gwo siksè. Grasa jenerozite ekip hockey Rangers New York, pwogram hockey jèn asire pou l vini prefere pandan sezon ivè sa a.”

Manm asanble Herman D. Farrell, Jr. te deklare, “Mwen kontan dèske m te travay pou fè pis patinaj la vin pi bon pou itilize e renovasyon sa yo pral pwoteje glas la kont refleksyon solèy la e sifas glas la te amelyore kidonk kominote a gen plis tan sou pis la ak plis amizman nan sezon ivè a.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride